

Deklarasyon Dwa Patisipan nan Etid Rechèch

Lè yon moun deside patisipe nan yon etid rechèch.
Patisipasyon nan yon etid se chwa pa ou.

Rete enfòmè. Poze kestyon. Jwenn repons.

Ou gen dwa...

- > Pou moun trete ou avèk politès ak byenveyans.
- > Pou yo di ou kisa etid lan ap eseye jwenn.
- > Comprendre todo formulario que le pidan que firme o que complete.
- > Pou ou konprann tout fòmilè yo mande ou siyen oubyen ranpli.
- > Pou yo di ou ki efè segondè oubyen malèz ki kapab pase pandan etid lan.
- > Pou yo di ou nenpòt avantaj ki ta genyen lè moun patisipe nan etid lan.
- > Pou yo di ou nenpòt opsyon ki genyen kòm tretman, epi kòman yo ta pi bon oubyen pi move pase tretman etid lan.
- > Pou yo di ou ki tretman ki a dispozisyon ou si ta genyen pwoblèm sante pandan patisipasyon ou nan etid lan.
- > Pou ou poze nenpòt kestyon konsènan etid lan.
- > Pou ou pran tan ou lè wap anvizaje desizyon ou ta vle pran konsènan patisipasyon nan etid lan.
- > Pou yo pale avèk ou sou nouvo enfòmasyon ki ta prezante pandan etid lan ki ta kapab afekte desizyon ou pou kontinye nan etid lan.
- > Pou ou refize patisipe nan etid lan, oubyen pou ou chanje lide sou patisipasyon ou nan etid lan apre li fin kòmanse.
- > Pou ou resevwa yon kopi fòmilè konsantman ou siyen an si ou deside patisipe nan etid lan.

Kestyon? Kontakte



**HARVARD
CATALYST**

Harvard Clinical & Translational Science Center